



Dosye Elektwonik: Pwogram Rezidansyèl

Nimewo Politik la:	RP-26-07
Dat Piblikasyon:	14 Me 2026
Dat Antre an Vigè:	17 Novanm 2026
Aplikabilite:	Tout Pwogram Rezidansyèl ki gen Lisans

KONTÈKS

606 CMR 3.09 egzije pwogram rezidansyèl ki gen lisans nan Depatman Early Education and Care (EEC) pou kenbe dosye ki konplè, egzat, konfidansyèl, epi aksesib pou rezidan yo, anplwaye yo, ak operasyon pwogram yo. Pandan lontan, yo te itilize dosye sou papye pou montre konfòmite, men anpil pwogram rezidansyèl kounye a itilize sistèm elektwonik pou kreye, estoke, epi jere dosye obligatwa yo. Politik sa a etabli estanda pou itilizasyon dosye elektwonik nan pwogram rezidansyèl yo pou asire konfòmite regilasyon, kontinite aksè, ak pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl yo.

OTORITE

- Politik sa a pibliye dapre M.G.L. c. 15D; 606 CMR 3.00, ki gen ladan 606 CMR 3.09 (Dosye ak Konfidansyalite) ak 102 CMR 1.06, ki otorize EEC pou mande aksè a dosye ak enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine konfòmite avèk règleman aplikab yo.

DEFINISYON

- **Dosye elektwonik** se nenpòt dosye ki konsève nan yon fòm elektwonik, tankou dokiman, fòm, ak fichye ki kreye, jere, ak/oswa estoke dijitalman sou òdinatè, disk, kondiktè depo (drives), telefòn entelijan, tablèt, sèvè, ak/oswa sistèm yo rele “clouds.” “Dosye elektwonik” gen ladan imaj dijital ak videyo (ki gen ladan anrejistreman kamera siveyans), pou objektif politik sa a. Atravè politik sa a, EEC etabli ke dosye elektwonik yo akseptab pou objektif demontre ak detèmine konfòmite avèk nenpòt règleman aplikab.

DEKLARASYON POLITIK

Pwogram rezidansyèl yo ka kenbe dosye obligatwa yo nan fòm elektwonik, fòm papye, oswa yon konbinezon toude. Dosye elektwonik yo dwe konsidere kòm akseptab pou objektif demontre konfòmite avèk 606 CMR 3.00, depi tout egzijans regilasyon yo respekte. Anplis de sa:

- **Sekirite ak Konfidansyalite:** Dosye elektwonik yo dwe estoke epi jwenn aksè a yo nan yon fason ki pwoteje konfidansyalite ak vi prive, an konfòmite avèk lwa eta ak federal yo. Pwogram yo dwe mete an plas mezi pwoteksyon administratif, teknik, ak fizik ki rezonab, tankou aksè kontwòle, pwoteksyon modpas, ak chifreman lè sa apwopriye.
- **Aksè ak Disponibilite:** Tout dosye elektwonik obligatwa yo dwe imedyatman aksesib pou anplwaye pwogram nan ak EEC sou demann pandan aktivite lisans, siveyans, oswa ankèt yo. Aparèy yo itilize pou jwenn aksè ak dosye elektwonik yo dwe chaje, fonksyonèl, epi disponib nan espas ki gen lisans lan nenpòt lè rezidan yo anba swen.
- **Preparasyon pou Ijans ak Pòtabilite:** Pwogram yo dwe asire dosye kritik yo, tankou kontak ijans, otorizasyon medikal, prezans, enfòmasyon sou medikaman, ak dokiman tribinal oswa òdonans restriksyon, fasilman aksesib epi fasil pou transpòte pandan ijans oswa evakyasyon. Yo ankouraje pwogram yo anpil pou kenbe kopi papye dosye kritik yo kòm yon mezi sekou.
- **Sovgad ak Kontinite Aksè:** Pwogram ki kenbe dosye elektwonik yo dwe gen pwosedi an plas pou asire kontinite aksè pandan pann kouran, katastwòf natirèl, evakyasyon ijans, entèripsyon entènèt, oswa echèk sistèm yo. Pwosedi sa yo dwe gen ladan sistèm sovgad sekirize ak metòd altènatif pou jwenn aksè.
- **Konsèvasyon ak Entegrite Dosye:** Dosye elektwonik yo sijè a menm egzijans konsèvasyon, presizyon, ak entegrite tankou dosye sou papye anba 606 CMR 3.00. Pwogram yo dwe asire dosye elektwonik yo rete san chanjman, konplè, epi kapab rekipere pandan peryòd konsèvasyon obligatwa a.
- **Aksè EEC a Dosye Elektwonik yo:** Sou demann, anplwaye EEC yo dwe jwenn aksè imedyat pou wè tout dosye elektwonik obligatwa yo. Lè sa nesèsè, anplwaye EEC yo dwe resevwa aksè a aparèy oswa sistèm pwogram nan posede ki itilize pou

jwenn dosye yo epi yo ka mande kopi oswa transmisyon elektwonik dosye yo pou rezon dokimantasyon.

Politik sa a aplike sèlman pou itilizasyon dosye elektwonik yo epi li dwe li ansanm avèk 606 CMR 3.09 ak lòt règleman ak politik EEC aplikab ki gouvène dosye, konfidansyalite, ak sipèvizyon lisans yo.

KONFÒMITE

Echèk pou kenbe dosye elektwonik yo an konfòmite avèk politik sa a ak 606 CMR 3.00 ka lakòz konklizyon lisans negatif, aksyon korektif obligatwa, oswa lòt mezi aplikasyon lalwa/regilasyon.